


Pwogram Lekti Ete 2024

Avanti an ^{Komanse} nan ^{nan} Bibliyotek ou



Soti 1ye jen pou 27 jiyè nan tout bibliyotèk piblik Clark County

Timoun



Pou pwogram timoun yo, depi nesans jiska laj 12 an, timoun yo oswa paran/moun ki responsab la dwe imèl enskripsyon yo chak semèn nan childrensummerreading@ccploho.org epi mete non sikisal bibliyotèk la kote ou ap asite pwogram lan pandan tout ete a, OSWA soumèt enskripsyon an bay bibliyotèk ou chwazi a. PA FÈ TOU 2 A LA FWA. Tanpri mete non timoun nan, laj li, non paran/responsab li, nimewo telefòn, imèl, kantite èdtan lekti/koute chak semèn, ak ki pwogram bibliyotèk ki pa pasif yo te ale.

Adolesan, ki gen laj 13 a 18 an (ki toujou lekòl), kapab depoze enskripsyon nan nenpòt sikisal bibliyotèk oswa voye yon imèl nan teensummerreading@ccploho.org (tanpri mete branch bibliyotèk ou chwazi a). Tanpri mete non w, laj ou, nimewo telefòn ou, imèl ou, non paran/responsab ou, ak tit liv pou adolesan ou li an antye chak semèn ak pwogram bibliyotèk ki pa pasif yo ou te ale. (Materyèl yo dwe nan nivo lekti ki apwopriye pou laj ou).

Adolesan




GWO PRIM

Nesans-PreK (0-5 ane) -Yon ane nan Building Block Play Studio (Springfield).

TIMOUN (6-12 ane) – Tikè pou yon fanmi 6 moun nan Legoland Discovery Center (Columbus).

ADOLESAN – 4 tikè nan Otherworld (Columbus) Ak 3 tikè nan Great Escape Game (Beavercreek)

Y ap fè yon tiraj chak semèn (pou chak gwoup laj). Y ap bay yon kat kado \$15 nan chak sikisal. Pou patisipe nan tiraj la ou dwe li omwen 1 èdtan/1 liv oswa ou te ale nan 1 pwogram ki pa pasif. Pou chak 5 èdtan nan pwogram lekti ke ou patisipe nan (3 liv pou adolesan/pwogram adolesan), patisipan yo pral elijib pou youn nan twa gwo pri (pou chak gwoup laj). Y ap fè tiraj yon gwo pri (pou chak gwoup laj) pou chak 10 èdtan nan pwogram lekti ke ou patisipe (5 liv/pwogram adolesan yo).



SRP Paj Evènman

Tout enskripsyon yo dwe soumèt anvan 27 jiyè. Patisipan yo pa bezwen prezan pou genyen pri yo. Si ou se yon ganyan tiraj prim chak semèn, ou gen 10 jou apati lè ou resevwa notifikasyon pou ou reklame pri ou a. Si ou pa vin reklame pri ou a pandan tan sa a, yo ap bay li ak finalis la. Remak: Anplwaye Bibliyotèk yo oswa fanmi/moun ki ap viv nan menm kay ak yo pa kalifye pou genyen pri yo.

Mèsi a Zanmi Bibliyotèk la ak Misyon Jènfi a pou bay finansman pou Pwogram Lekti Ete a.

Pou plis enfòmasyon, rele nan (937) 328-6905.

